

.....

CHAPIT 10

Bay bon jan laswenyay pandan tranche ak akouchman

Nan chapit sa a:

Sa ki pase nan tranche ak akouchman.....	155
Pasaj.....	155
Pouse	156
Placenta a soti.....	157
Premye ze de tan.....	157
Bay manman an laswenyay pandan tranche a.....	157
Soutni l pandan tranche a.....	158
Pwoteje l pandan tranche a.....	158
Dirije l pandan tranche a.....	159
Prepare w pou ka dijans.....	163
Siveye pou move siy yo.....	163
Trete ka dijans yo	164
Mennen l nan sant sante.....	164
Kenbe yon dosye sou tout sa ki pase pandan tranche a.....	164
Dosye sou tranche-a.....	165

Bay bon jan laswenyay pandan tranche ak akouchman



Sak pase pandan tranche ak akouchman an

Nan chapit sa a, nou bay enfòmasyon jeneral sou zafè tranche ak akouchman, epi nou eksplike tout mwayen yon fanmsaj ka bay yon fanm ansent sipò nan akouchman ti bebe a.



Gen plizyè pati byen fasil pou eksplike tranche a, donk nan liv sa a, nou divize l an 3 pati – pasaj, pouse, epi lè placenta tombe. Chapit sa a, bay enfòmasyon sou pati sa yo, epi nou pale plis sou chak pou kont yo nan lòt chapit ki vini apre sa.

Pasaj


Nan premye pati tranche a (pasaj), kòl matris la louvri mezi pou pitit la jwenn wout pou l soti nan matris la. Pou plis enfòmasyon sou pati sa a, wè chapit 11, "Pasaj," paj 166.

Lè yon fanm ansent, kòl matris li di epi li longè yon gwo dwèt. Pi fò tan lè fanm nan ansent, pa gen anyen ki ka antre oswa soti nan kòl matris la, paske ti pasaj antre a bouche ak glè ki pwoteje pitit la andedan matris la.


Prèske nan dènye mwa gwsès la, kontraksyon kap fèt yo koumanse rakousi epi ramoli kòl matris la. Menm anvan tranche a koumanse, kòl matris la ka louvri tou piti epi glè ki bouche li a ka soti.



Pandan gwsès la, kòl matris la long, li di, epi li fèmen




Nan fen gwsès la, epi lè tranche a fèk koumanse, kòl matris la vin pi kout ak pi mou.



Pandan tranche a, kòl matris a vin byen kout, mou, epi li louvri.



Kontraksyon tranche a pouse pitit la anba epi li fè kòl matris la louvri

- Kontraksyon pouse tèt pitit la anba byen di sou kòl matris la. Mouvman sa a louvri kòl matris la, epi li mete pitit la nan pasaj vaje nan.
- Kontraksyon rale kòl matris la tou dousman. Chak fwa matris la sere, li rale kòl matris la yon ti kras anlè pou li kapab louvri epi yon ti pasaj fèt. Ant kontraksyon yo, kòl matris la vin lachege. Sa rete konsa jiskaske kòl matris la, fin louvri nèt epi pitit la ka jwenn pasaj pou l fèt.



Fòk kontraksyon manman an fò anpil pou kòl matris la louvri nèt. Ti tou sa a dwe louvri nan yon lajè ki mezire 10 santimèt – lajè mezi pou pitit la pase.

The hole in the cervix is this size during pregnancy.



Pouse

Aprè kòl matris la fin louvri nèt, kontraksyon an pouse pitit la deyò matris la epi li desann li nan vaje an. Manman an pouse tou pou li ede mete ti bebe a deyò. Sa a se dezyèm etap la. Pou plis enfòmasyon sou dezyèm etap la, wè chapit 12, "Pouse," paj 194.

Delivrans: Placenta a Soti


Yon ti tan apre pitit la fèt (twazyèm etap), manman an santi l soulaje. Placenta a vin separe ak matris la, apre sa li soti deyò nan vajen an. Pou plis enfòmasyon sou twazyèm etap la, wè chapit 13, "Placenta a Soti," paj 222

Lè pitit la fèk fèt, kòd lonbrit la kenbe li kole ak placenta a ki anndan manman an. San ki soti nan placenta a la bay pitit la kèk minit pou l koumanse respire. Touswit apre, pitit la ka respire pou kont li; li pap bezwen placenta a ankò.



Cord is thick, blue, and pulsing — it is still passing blood to the baby. Do not cut.

Cord is thin, white, and not pulsing — it is not sending blood to the baby. OK to cut.




Nomalman placenta a toujou separe ak matris manman an pandan kèk minit apre ti bebe a fèt. Manman an kapab pouse de twa fwa sèlman, epi placenta a ap soti deyò nan vajen an nòmalman; apre sa ti bebe ap oblije respire pou kont li.

Touswit apre akouchman an

Touswit apre akouchman an, lè manmanvant la fin soti, manman an koumanse ap reprann li, epi ti bebe a koumanse ap abitye ak anvironman - deyò vant manman an.

Plas kote placenta a te kole nan matris la koumanse vin sere epi li fèmen; apre sa, manman an pa bay anpil san ankò. Matris manman an ap gen pou li vinit tounen fèm oswa di. Li ka santi gwo kontraksyon apre akouchman an. Kontraksyon sa yo ap bon pou sante li, epi y'ap ede fè san an rete.

Ti bebe a dwe koumanse pran tete. Li dwe pipi, epi li dwe koumanse fè pou pou



Bay manman an laswenyay pandan tranche a

Pati chapit sa a eksplike tout mwayen fanmsaj la ka fè pou l soutni, gade, epi pwoteje manman an pou akouchman an ka fèt pi fasil epi san danje. Ou ka sèvi ak enfòmasyon sa a tou pou lòt pati ki pale sou tranche ak akouchman.

Twa lòt chapit ki vini apre chapit sa a bay eksplikasyon ki pi egzat sou mwayen pou ede nan chak etap nan tranche ak akouchman an.

Sipò pandan moman tranche a

Lè w soutni manman an nan tranche a, ou ede l lache kò l olye pou l ta goumen ak doulè a. Menm si sipò w ba li a pap elimine doulè a nèt, li ka rann tranche a vin pi fasil, pi kout, epi san danje

Chak fanm bezwen sipò nan yon fason diferan. Men, tout fanm bezwen byenveyans, respè, epi atansyon. Veye l epi koute l pou w wè kouman li santi l. Ankouraje l pou l ka santi li gen fòs ak konfyans pandan tranche a. Ede l pou l lache kò l, epi pou l aksepte tranche a.

Li pi fò! Mwen pè!

W ap fè bon!
Travay la sipoze fò.



Mpat konnen sit e gen fason
mte kapab ede
Pandan tranche a



Wi. M ap santi
mwen pi kalm
si ou avek
mwen

Se pa ou sèl ki oblije bay manman an sipò. Prezans mari manman an, fanmi l, ak zanmi l ka pi enpòtan pandan tranche a. Pa gen okenn lwa ki di se tèl moun ki pou bay manman an sipò. Li bon lè yo ede bay manman an laswenyay epi yo rete la pou asiste l. Men sa ki pi enpòtan, moun sa yo dwe se moun ke manman an vle ki pou la pandan akouchman an.

Pwoteje moman tranche a

Lè w pwoteje l, w pa kite anyen vin deranje tranche a. Men kèk egzanp:

Pa kite moun ki gen move jan rete pre l. Se pa moman pou manman an ap enkyete l sou zafè pwoblèm nan fanmi an. Kèk fwa, menm fanmi ki renmen l oswa bon zanmi l kaderanje l pandan tranche ak akouchman an. Gen de lè, pi bon bagay ou ka fè, se mande tout mounpou yo kite chanm nan pou manman an ka akouche san twoub.

Pa sèvi ak okenn medikaman oswa metòd ki pa nesesè. Kèk fanmsaj (doktè tou) kwè ke plis medikaman, zouti, epi konsiltasyon ka fè akouchman an fèt san danje. Men sa pa toujou vre. Pafwa yo ka rann akouchman an pi difisil oswa lakòz plis pwoblèm.



ATANSYON! Pa bay manman an okenn medikaman ki pou fè l akouche pi vit – yo ka lakòz anpil danje. Piki oswa grenn ki ta dwe fè akouchman an fèt pi vit ka lakòz plis doulè nan tranche a, epi yo ka touye manman an ak tout pitit la. Wè paj 191 pou w wè kouman ou ka fè tranche a vin cho san danje.

Eske ou kapab ban
mwen on piki pou m
kapab akouche pi
rapid?



Piki yo gen danje.
Yo pa vo chans la.



Dirije tranche a

Lè w dirije tranche a, ou ede l evite danje. Ou dirije tranche a, lè w ede fanm nan veye sou kò l. Detanzantan, ou ka konseye l pou l bwè dlo, pou l ale pipi, pou l repoze, oswa pou l mache. Nan twa chapit kap vini yo, genyen anpil konsèy sou mwayen pou w dirije tranche a nan jan ki bon pou sante fanm nan


Ede l bwè (pou pi piti) yon vè likid chak inè detan

Dlo nan kò yon fanm ki gen tranche pase vit. Li dwe bwè pou pi piti yon vè likid chak inè de tan. Si l pa bwè ase, li ka dezidrate (pa gen ase dlo nan kò l). Sa ka lakòz tranche a vin pi di e pi long. Dezidratasyon (kò sèch) ka lakòz kò yon fanm fatige depase



Siy dezidratasyon (kò sèch)

- Po bouch sèch
- Twou je fon
- Po kò a rèd
- Lafyèy lejè (tanperati kò a moute 38 D C oswa 100.4 D F)
- Respirasyon rapid e fon – gwo souf(plis ke 20 souf nan yon minit)
- Batman kè li fèb epi li bat rapid (plis ke 100 batman nan yon minit)
- Kè pitit la bat pi vit ke 160 fwa nan yon minit



Lift the skin on the back of her hand with 2 fingers. Then let go.

If the skin does not fall right back to normal, the woman is dehydrated.

Si w panse manman an dezidrate, ba li dlo ak sik touswit oswa dlo ak siwo myèl, ji fwi, oswa yon likid ki pou ranplase dlo nan kò l (wè paj ki vin apre a).

Genyen fanm ki pa ka bwè twòp likid lè yo gen tranche. Swa l fè yo malad, oswa yo vomi l. Si manman an ap vomi epi li pa ka bwè yon vè likid yon sèl kou, fè l pran yon gòje apre chak kontraksyon. Mwayen sa a pèmèt likid la pa rete sou lestomak li. Pou fanm ki malad yo, menn ki likid ki ka pi fasil pou bwè: dlo kokoye, ji fwi melanje ak dlo, dlo ak sik oswa siwo myèl, te mant, te jenjanm, oswa te kamomin ak siwo myèl oswa sik.

Si manman an pa ka bwè ditou, oswa si l te gen tan pèdi anpil dlo nan kò l, bali likid ke l ka pran nan dèyè l (wè paj 342) oswa ba li sewòm (wè paj 350).

Likid Reidratasyon

Si tranche a long, osinon si manman an pat manje oswa bwè ase, ba li likid reidratasyon - oral pou ede remete dlo nan kò l. (Nenpòt fanm ki gen tranche ka bwè sewòm oral) Likid sa a kenbe pwodwi chimik ki nan san manman an sou bon balans pou l ka pa malad.

Ou ka jwenn pake sik ak sèl ki deja melanje, tankou Oresal, ke w ka sèvi pou prepare sewòm oral la. Si w sèvi ak pake ki deja melanje, pran tan pou w byen brase li epi goute l anvan. Li pa dwe pi sale pase dlo kriye ki soti nan je moun.

Ou ka prepare likid reidratasyon oral la w menm lè w rive nan kay manmam ki gen tranche a, oswa w ka mache tou pare ak engredyan yo tou mezire epi melanje yo nan ti pake.

De (2) fason pou prepare likid reidratasyon

Ak sik epi sèl

(Olye de sik, w ka sèvi ak melas oswa siwo myèl.)

Nan yon (1) lit dlo pwòp, melanje:

- Demi ti kiyè sèl ak 8 ti kiyè sik

(Anvan w mete sik la, goute dlo a pou asire w ke l pa pi sale ke dlo kriye.)



Ak poud sereyal epi sèl

(Powdered rice is best. Or use finely ground maize, wheat flour, sorghum, or cooked and mashed potatoes.)

Nan yon (1) lit dlo pwòp, melanje:

Demi ti kiyè sèl ak 8 ti kiyè poud sereyal (oswa 2 ti ponyen byen mezire)

(Anvan w mete sereyal la, goute dlo a pou asire w ke l pa pi sale ke dlo kriye.)



Kite l bouyi pandan 5 a 7 minit pou l ka vin tankou yon labouyi. Fè l frèt byen vit, epi bay manman an l.

Toujou goute anvan w sèvi l, pou byen asire ke l pa gate. Lè tanperati a cho, labouyi farin ka gate nan yon ti kras tan.

- Si posib, ajoute nan dlo a demi tas ji fwi, dlo kokoye, oswa yon fig byen kraze. Sa mete plis potasyòm nan kò manman an epi l pral ede l bwè plis likid.

Si se nesèsè, fè sewòm oral la menm jan yo abitye fè l nan zòn nan. Si yo pa sèvi ak lit, regle yon kantite sou mezi yo sèvi nan zòn nan. Si w pa gen yon tas oswa kiyè pou w mezire, pran yon ti priz sèl ak yon ti ponyen sik. Si w gen farin sereyal pou timoun, w mèt sèvi avè l. Mete ase dlo pou l ka byen mou; epi ajoute yon ti priz sèl.

Nòt: Si manman an grangou pandan tranche a, li bon pou l ta manje. Ba li manje ki fasil pou dijere, tankou pen, diri, oswa yogurt.

Pou pi piti, fè fanm nan ale pipi yon fwa chak dezè detan

Si blad pipi (vesi) manman an plen, kontraksyon yo ka vin febli epi tranche a ka pi long. Lè vesi a plen, li lakòz doulè ak pwoblèm lè pou pouse manmanvant la, epi li fè manman an kontinye ap bay san apre pitit la fin fèt. Fè manman an chonje pou l ale pipi – li ka


Oooo,
ahhhh
kontraksyon
sa a fek fini



Ou pa pipi
pandan 2 zè
de tan. Pouki
ou pa eseye
kounye la ?

Pou verifye si vesi a plen,
manyen anba vant manman an.

Lè vesi a plen, li tankou yon sache plastik ki chaje dlo. Ou ka menm wè fòm vesi a anba po manman an. Pa kite pou vesi a rive nan gwosè sa a.



This bladder is
too full.


Si vesi manman an plen, li dwe ale pipi. Si l pa ka mache, eseye mete yon vaz oswa yon lòt twal anba dèyè l epi kite l pipi kote l ye a. Sa ka ede l plis toujou si w fè l tranpe men l nan yon ti dlo tyéd.

Si manman an pa ka pipi ditou, yo dwe foure yon tib katetè (byen esterilize) nan vesi a, epi sa ap pèmèt li pipi. Wè paj 352 pou plis enfòmasyon sou kijan pou w foure tib katetè a. Si w pat pran antrenman sou kijan pou w mete yon tib katetè, chache jwenn asistans medikal. .

Repo lè yon kontraksyon fin pase

Pou manman an ka konsève fòs li, li dwe poze lè yon kontraksyon fin pase epi yon lòt pòkò rive, menm lè doulè tranche a fèk koumanse. Sa vle di, lè l pa gen kontraksyon, li dwe kite kò l byen lage, respire byen fon, epi kèk fwa chita oswa kouche. Lè tranche a fèk koumanse, li ka menm dòmi.

Anpil fanm santi yo fatige anpil lè kontraksyon an fò. Sa ka ba yo kè sote paske yo panse yo pap gen fòs pou yo pouse pitit la. Men fatig sa a se mwayen pou kò manman an fè l santi li bezwen repo ak detan. Si tout bagay ale byen, l'ap gen fòs pou l akouche kou lè a rive. Wè paj 169 pou plis enfòmasyon sou mwayen pou w ede manman an detann li.



I have to sit up for the
contractions – or
they hurt too much.

I'm so tired!
But every time I start to
fall asleep my head falls
forward and wakes me up!




I will hold your
head up so you
can sleep between
contractions.

Thank
you!

Chanje pozisyon detanzantan

Ede fanm nan fè mouvman pandan tranche a. Li ka akoupi, li ka chita, li ka mete ajenou, oswa li ka pran lòt pozisyon. Tout pozisyon sa yo bon. Chanje pozisyon ede kòl matris la louvri sou menm mezi.

Kanpe ak mache ka fè tranche a ale pi vit. Balanse, dodine, oswa menm danse ka ede l lache kò l.



Manman an PA dwe kouche plat sou do This
Lè fanm nan kouche plat sou do, presyon sa a
fèmen tout venn ki pote san bay ti bebe a ak
manman an.



Li bon pou manman an kouche sou kote epi pou li mete yon kousen (zòrye)
nan mitan janm li, oswa li ka sèlman apiye do l – men fòk li toujou chanje
pozisyon omwen chak inè detan.

Chanje dra kote manman an kouche a - lè dra a mouye oswa sal

Anpil fwa, fanm yo bay anpil dlo nan vajan pandan tout lè tranche a. Dlo sa a gen dwa se glè ki dekole soti nan kòl matris la (wè paj 150), osinon se paske manman an kase lezo.

Lè manman an kouche oswa li chita, mete rad pwòp oswa gwo tampon laj anba l pou ranmase dlo yo.

Chanje rad ak tampon yo lè yo mouye anpil ak lè yo sal. Tcheke pou wè si dlo ap soti avèk anpil san frèch oswa boul san (wè paj 183), epi si dlo a gen koulè mawon, jòn, oswa vèt (wè paj 174).



Prepare w pou ka dijans

Pi fò gwosès ak akouchman pase san pwoblèm. Si w sèvi ak enfòmasyon nan lòt chapit k'ap vini apre yo, w ka evite anpil pwoblèm. Sepandan, nenpòt fanm ka rive gen pwoblèm grav, menm si li viv an bòn sante.

Gen twa mwayen fanmsaj ka ede evite pwoblèm sante

1. Fanmsaj **siveye** move siy – sentòm ki moutre ke yon fanm ka devlope yon pwoblèm.
2. Fanmsaj **fè tretman** pwoblèm dijans lè li kapab.
3. Fanmsaj **transpòte** fanm ki gen move siy grav - oswa pwoblèm lasante - kay doktè osinon nan yon sant de sante.

Siveye move siy yo

W'ap jwenn anpil lòt enfòmasyon sou move siy nan pwochenn chapit yo ki pale sou tranche ak akouchman. Pi fò siy sa yo vle di ke w dwe veye pre, epi gade pou w wè sa'k pral rive. Gen kèk move siy ki ka disparèt pou kont yo. Gen lòt ki grav anpil. Si yon fanm genyen yon move siy ki parèt grav anpil, oswa siy sa a pa disparèt, li dwe chache asistans touswit.

Ou ka konnen kèk lòt move siy ki pa nan liv sa a. Panse sou pwoblèm lasante ki egziste kay fanm ansent nan kominote a. Eske gen siy fanm yo konn bay anvan yo gen pwoblèm sa yo?

Gen de lè, fanmsaj yo pa wè okenn siy ki moutre yon move bagay, men yo ka santi lè genyen yon pwoblèm. Si w santi genyen yon pwoblèm, chache asistans nan men lòt fanmsaj, travayè medikal, oswa doktè. Yo ka ede w jwenn pwoblèm nan.



Tretman nan ka dijans yo

Liv sa a eksplike mannyè rapid pou w fè tretman pèt de san, siy malèz (lafyè, tansyon, elatrye), epi lòt ka dijans. W dwe sèten ke w resevwa bon jan antrennman epi w prè pou ede avèk otan de ka dijans posib.

Mennen fanm nan nan yon sant de sante

Pandan akouchman, gen pwoblèm fanmsaj la pa ka rezoud lakay oswa nan yon ti klinik. Si yon manman ap bay anpil anpil san, li gen eklamsi, tranche long, lafyè ki wo, oswa lòt pwoblèm grav, petèt yon fanmsaj pap ka sove lavi l. Lè sa a, lavi manman an an danje; fanmsaj la dwe mennen l nan yon sant de sante touswit.

Si manman an oswa pitit la gen yon pwoblèm grav, yo bezwen ale nan yon sant de sante ki gen bon zouti, medikaman, epi travayè medikal ki gen eksperyans. Menm si w trete yon fanm ki gen yon pwoblèm grav lakay, li ta toujou bon pou w chache asistans medikal pou asire w ke fanm nan byen trete.

Anvan akouchman, ede chak manman ak tout fanmi l fè yon plan sou kouman pou sizoka yo bezwen ale nan yon sant de sante. Wè paj 106 pou jwenn kèk lide sou sa. Chache konnen ki kote lopital ki pi pre a ye. Asire w ke gen transpòtasyon (pa egzanp, yon kamyon epi yon moun ki pou kondi l), epi lajan pou peye pou gaz ak sèvis. (Menm si l pa gen lajan, depi se yon ka dijans, w dwe chache asistans medikal.) Wè chapit 24-paj 432, pou plis enfòmasyon sou kouman pou w travay tèt kole ak lopital epi ak lòt travayè lasante.



Kenbe yon dosye sou tout sa ki pase pandan tranche a

Si w kapab, ekri tout sa ki pase pandan tranche ak akouchman an. Ekri konbyen fwa manman an manje, bwè, fè pipi. Chak fwa w tcheke, se pou w ekri tanperati kò l, poul li, epi tansyon l. Dosye sa a ap ede w konprann si tranche l nòmal. Si w oblije mennen fanm nan nan yon sant de sante, dosye sa a ap ede doktè yo

konprann sak te pase epi pou kisa. Si w kenbe yo dosye pou tout fanm w ede, revize yo pou w ka chache konnen kisa ki lakòz anpil fanm gen tranche fasil oswa difisil, epi èske yo te kòmanse bay kèk siy depi byen bonè nan gwosès la.



